# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–19 मार्च 2024 भोजपुरी समाचार

लोकसभा के पहिला फेरा बदे अधिसूचना बिहने जारी कई दिहल जाई। एकरे सथही पहिला फेरा के चुनाव बदे ओमेदवारन के परचा दाखिला क प्रक्रियों सुरू हो जाई। ऐह फेरा के सीटिन बदे ओमेदवार सत्ताइस मार्च ले परचा दाखिल कई सकिहें। तीस मार्च ले ओन्हे नाव वापसी क मौका दिहल जाइ। ओन्नइस अप्रैल के पहिला फेरा बदे ओट परी। वोटे क गिनती चार जून के होइ। प्रदेस में ऐह फेरा में आठ लोकसभा सिटिन पर ओट डारल जाइ। ई सीटि हइन–सहारनपुर, मुजफ्फरनगर, कैराना, नगीना, बिजनौर, रामपुर अउर पीलीभीत। प्रसासन अधिसूचना जारि कइले अउर नामांकन प्रक्रिया सुरू कइले के लेके तैयारियन के अंतिम रूप दे रहल हउवे। हमरे बिजनौर प्रतिनिधि के मुताबिक जिला बिजनौर अउर  नगीना सुरक्षित सीटि बदे अलगे–अलगे नामांकन कक्ष स्थापित कइल गइल हउवें। नामांकन क पारदरसी बनावे बदे पुरहर इंतेजाम कई लिहल गइल हवें। हमरे पीलीभीत प्रतिनिधि बतवले हवें कि जिला में शान्ती अउर सुरक्षा के साथे नामांकन संपंन करावे खातिर पुरहर इंतेजाम कइल गइल हवे। ओइजा क पुलिस अधीक्षक अभिनाश पाण्डेय बतउले कि पुलिस क एक सौ पच्चीय अधिकारी अउर करमचारी पुरहर सुरक्षा के साथे नामांकन संपन्न करइहें।

**********

लोकसभा चुनाव में ओटरन क भागीदारी सुनिस्चित करावे खातिर प्रदेस के करीब सज्जो जिलन में मतदाता जागरूकता क विविध आयोजन कइल जा रहल हउवे। कहीं रैली निकारि के लोगिन से मतदान क अपीलि कइल जा रहल हउवे त कहीं संगोस्ठी के जरिये लोगिन के मतदान बदे प्रेरित कइल जा रहल हउवे। मतदाता जागरूकता के चुनाव आयोग के येह मुहिम में प्रसासन कई गो स्वयंसेवी संस्था क मददो ले रहल हउवे। सिक्षण संस्थानों अभियान चला के मतदाता लोगिन के ओट डारे बदे जागरूक कइ रहल हवें। जागरूकता अभियान में महिला लोगि अउर पहिली बेरि मतदाता सूची में सामिल नौजवानन के मतदान बदे खास तौर से प्रेरित कइल जा रहल हउवे। पीलीभीत जिला में ओटे क प्रतिसत बढ़ावे खातिर अधिकारियन कै टीमि गांवे–गांवे जा के चौपाल लगा रहलि हइनि। ओइजा क जिला निर्वाचन अधिकारी संजय कुमार सिंह बतवलें कि स्कूली लइकन के जरिये सौ फीसदी मतदान खातिर अभिभावकन से संकल्प पत्र भरवावल गइल हउवे। ओहर बनारस में केन्द्रीय कारागार में मतदाता जागरूकता के ले के अनूठा पहल कइल गइल हउवे। ओइजा कैदियन से मिले खातिर आवे वाले मुलाकातियन के ओटे के प्रति जागरूक कइले के उद्देस्य से उनके हाथे पर मुलाकाति मोहरि के साथे–साथे मतदाता जागरूकतो क मोहरि लगावल जा रहल हउवे।

बनारस के केन्द्रीय कारागार क वरिष्ठ अधीक्षक राधाकृष्ण मिश्र बतवले हवें कि चुनाव सम्पन्न भइले ले मुलाकातियन के हाथे पर मतदाता जागरूकता क मोहरि लगावल जात रही। एकरे अलावे एहके ले के समय–समय पर अउरियो कार्यक्रम आयोजित कइल जाई।

**********

प्रदेस क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा स्टार परचारक के रैली अउर बइठकी पर आवे वाला खरचा के ले के स्थिति फरिया दिहले हवें। उहां के कहले हईं कि स्टार परचारक जवन ओम्मेदवारन के साथे मंच साझा करिहें ओहकर खरचा ओह ओम्मेदवार के चुनाव खरचा में जोड़ल जाई। उहां के ईहो बतवले हईं कि मान्यता प्राप्त राजनीतिक दलन के नतीजा के घोसणा के नब्बे दिन के भित्तरे अपने दल क चुनाव खरचा तय प्रारूप में भरि के भारत निर्वाचन आयोग में जमा करे के होई। अमान्यता प्राप्त राजनीतिक दलन के ई जनकारी मुख्य निर्वाचन अधिकारी के देवे के होई।

**********

लोकसभा चुनाव बदे कांग्रेस के घोसणा पत्र के मंजूरी देवे खातिर नई दिल्ली में पारटी कार्यसमिति क बइठकी सम्पन्न हो गइल हउवे। कांग्रेस अध्यक्ष मल्लिकार्जुन खरगे, पूर्व पारटी अध्यक्ष सोनिया गांधी अउर कांग्रेस नेता राहुल गांधी, प्रियंका गांधी वाड्रा, पी. चिदम्बरम, दिग्विजय सिंह, अजय माकन अउर के. सी. वेणुगोपाल के सथहीं कई गो अउरियो वरिष्ठ नेता बइठकी में मौजूद रहलें। लोकसभा चुनाव के ओम्मेदवारन के नांव तय करे खातिर आजु संझा कांग्रेस केन्द्रीय चुनाव समितियो क बइठकी हो सके ला।

**********

राज्यसभा क सभापति जगदीप धनखड़ आजु संसद भवन में दुसरी बेरि चुनल गइल राज्यसभा सदस्य संजय सिंह के सपथ दियवलें। आम आदमी पारटी नेता संजय सिंह दिल्ली आबकारी नीति मामिला से जुड़ल धनसोधन मामिला में न्यायिक हिरासति में बाड़ें।

**********

प्रयागराज के फाफामऊ स्थित केन्द्रीय रिजर्व पुलिस बल के ग्रुप केन्द्र परिसर में आजु पचासिवां सीआरपीएफ दिवस उछाह अउर उल्लास के साथे मनावल गइल। येह मौका पर भव्य परेड क आयोजन कइल गइल। परेड में सीआरपीएफ क एगो महिला टुकड़ी के सथहीं कुलि आठ टुकड़ी अलगि–अलगि सेक्टरन से हिस्सा लिहलिनि। येह दौरान राष्ट्र क सेवा करत प्राण न्यौछावर करे वाले सीआरपीएफ के बाइस सौ ओन्सठ जवानन के सहीद स्मारक पर सरधांजलि दीहल गइल। कार्यक्रम के सम्बोधित करत सीआरपीएफ क महानिदेसक अनीश दयाल सिंह कहलें कि बल के जियादेतर बटालियन जम्मू कश्मीर, पूर्वोत्तर राज्यन अउर नक्सल परभावित इलाकन में तैनात हइनि। ओइजा बल के कोसिस से आतंकवाद अउर नक्सलवाद के घटना में ढेरि कमी आइल हउवे। ओह राज्यन में सान्ती अउर विकास क काम तेजी से आगे बढ़ि रहल हउवें। कार्यक्रम में वीरता पदक विजेता लोगिन के उनके सराहनीय कार्य खातिर सम्मानितो कइल गइल।

**********